Биз жоқарыда лирикалық қаҳарман жуўмақланған ҳәм қоспалы қубылыс деп айтқан едик. Сонлықтан, оның жасалыўында лирикалық субъект пенен бирге лирикалық объекттиң де қатнасын көриўге болады. Бул ҳаққында К.Худайбергенов былай деген еди: «… лирикалық геройдың тийкарын объектив ҳақыйқатлық (лирикалық объект – П.Д.) қурайды ҳәм ол шайырдың субъекти арқалы өтсе ғана лирикада конкрет формаға ийе болады [6:30-31]. Илимпаз бул пикирин буннан былай да раўажландырып, лирикалық қаҳарман образын объект ҳәм субъекттиң синтези деп биледи. «Лирикалық геройда адам жан сезими туўрыдан-туўры бериледи ҳәм оның қай дәрежеде терең, образлы берилиўине қарап, типлик герой есапланады. И.Юсупов, Т.Жумамуратов, Т.Сейтжанов, М.Сейтниязов, Д.Айтмуратов, Ш.Сейтов, Т.Мәтмуратов ҳәм көплеген шайырлардың творчествосынан көплеп мысаллар келтириў арқалы лирикалық геройда объектив шынлық ҳәм автор субъектиниң жәмленгенин көриў қыйын емес» [6:33], -деп усы шайырлардың қосықларынан бир неше мысаллар келтириў арқалы өз пикирин дәлиллейди.

Қ.Оразымбетов лирикалық қаҳарманды тек бир шығарма шеңберинде емес, ал шайырдың пүтин бир лирикалық композициясы (лирикалық дүркин, лирикалық топлам) шеңберинде қарастырыў дурыс деген концепциядан келип шығып, өзиниң И.Юсуповтың 1988-жылы баспадан шыққан «Дузлы самаллар» топламын анализлеген илимий мақаласында топламға киргизилген қосықлардың өткен әсирдиң 80-жылларының екинши ярымында бурынғы аўқамда жүз берген тарийхый жағдайлардың жемиси екенлигин айта келип, «Топламдағы «Бул жер еле зор болады», «Үмит ағашы», «Плаха излеп», «Арал элегиялары», «Қыйын ҳал», «Қайта қурыўдың балларына», «Ҳүждан монологы», «Деседи», «Сенсиз мениң күним жоқ», «Шымбай жолларында» шығармаларында лирикалық қаҳарман биреў. Лирикалық қаҳарманды өзи жасап атырған дәўирдиң машқалалары толғанысқа түсиреди, ол экологиялық қыйыншылықлардың пайда болыў себеплерин жақын өтмиштен излейди» [4:13],-деп көрсетеди ҳәм усы шығармалардағы лирикалық қаҳарманды дәўир ҳәм тарийхый шараятлар менен бирге алып қарап теориялық жуўмақлар шығарады. Илимпаздың лирикалық қаҳарманның дөретилиў өзгешеликлери туўралы айтылған бул концепциясы менен келисиўге болады.

Шайырдың бир лирикалық шығармасында сәўлеленген лирикалық субъекттиң ойлары оның басқа да бир неше қосықларында даўам етиўи мүмкин. Бул нени аңлатады? Бул нәрсе шайырдың сол бир неше қосықларды дөреткен ўақыттағы тарийхый шараяттың, ўақыя ҳәм ҳәдийселердиң бир қыйлы екенлигин, бир-бири менен байланыслы екенлигин аңлатады. Сонлықтан, жәмийетте жүз берген ҳәм адамлардың кейпиятына қатты тәсир еткен сол елеўли социаллық-сиясий ҳәдийселерди өзине сиңирген лирикалық субъект те биреў болады ҳәм енди ол лирикалық субъект емес, лирикалық қаҳарманға айланып, бир неше лирикалық шығарманы бир-бири менен органикалық жақтан бириктирип, байланыстырып турады. Демек, бизиң алдыңғы бөлимде сөз еткен, лирикалық қаҳарманның шайырдың тек бир шығармасы шеңберинде көринбейди, ал оның бир неше бир-бири менен үнлес шығармалар жыйындысы тийкарында жаратылады, деген көзқарастың және бир дәлили усы.

**Әдебиятлар**


1. Жәримбетов Қ. Әдебияттаныўдан сабақлар. – Нөкис: “Қарақалпақстан”. 2012. 37-38-б.
2. Невзглядова Е. Ленинградская понарама. – Ленинград: 1988. – С. 324, 324.
3. Оразымбетов Қ. Таңламалы шығармалар топламы. Еки томлық. I том. – Нөкис: «Билим». 2018. 22, 35, 39-40-б.
4. Оразымбетов Қ. Таңламалы шығармалар топламы. Еки томлық. II том. – Нөкис: “Билим”. 2018. 13-б.
5. Тынянов Ю.Н. Поэтика. История литературы. Кино. –Москва: 1977. – С. 325.
6. Худайбергенов К.Дәўир ҳәм парыз. – Нөкис: «Қарақалпақстан”. 1987. 84; 30-31; 33-б.



**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада қорақалпоқ адабиётшунослигида махсус тадқиқот объекти бўлмаган лирик объект масаласи ҳақида қорақалпоқ олимлари томонидан билдирилган илмий қарашлар ҳамда фикр-мулоҳазаларга шарҳ берилади. Лирик қаҳрамон образининг яратилишида лирик объектнинг тутган ўрни ва роли кўрсатилди. Лирик объектнинг ўзига хос хусусиятлари очиб берилади. Натижада, лирик объект масаласи илмий нуқтаи назардан далилланган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматриваются научные взгляды и мнения, высказанные каракалпакскими учеными по вопросу о лирическом объекте, который не является объектом специального исследования в каракалпакской литературе. Показаны место и роль лирического объекта в создании образа лирического героя. Выявляются специфические черты лирического объекта. В результате вопрос о лирическом объекте аргументируется с научной точки зрения.

**SUMMARY.** This article discusses the scientific views and opinions expressed by Karakalpak scientists on the issue of the lyrical object, which is not the object of a special study in Karakalpak literature. The place and role of the lyrical object in creating the image of the lyrical hero are shown. The specific features are revealed of in the lyrical object. As a result, the question of the lyrical object is argued from a scientific point of view.


## ХАЛЫҚ ШАЙЫРЛАРЫ ДӨРЕТИЎШИЛИГИНДЕ САТИРА


**Б.А.Давлетов –** *филология илимлериниң кандидаты, доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** сатира, юмор, халқ шоирлари, анъана, жамият, хулқ-атвор, устоз, заргар, вариант.

**Ключевые слова**: сатира, юмор, народные поэты, традиция, нарвы, поведение, общество, учитель, ювилир, вариант.

**Key words:** satire, hymor, folk poets, behavior, society, teacher, jeweler, option.


XIX әсир ақыры XX әсир басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхында белгили шайырлар Аннақул, Қулмурат, Бекжан, Сыдық, Қоразбек, Қазы Мәўлик, Жаңабай, Әбдиқәдир, Сапура, Аббаз, Аяпберген сыяқлы бир қатар шайырлар жасап, дөретиўшилик еткен. Бул дәўирдеги әдебият ҳаққында белгили илимпаз Ә.Пахратдинов, «әдебияттың ең жақсы дәстүрлерин жаңа шараятта жаңаша раўажландыратуғын демократиялық әдебият» деп баҳалайды [1:4]. Усы дәўир әдебияты ўәкиллериниң дөретиўшилигинде көбирек поэзиялық шығармалар дөрелген болса, тематикалық жақтан Ўатан, туўылған жер темасы, муҳаббат, тәрип, ақыл-нәсият, юморлық ҳәм сатиралық қосықлар орын алған. Әсиресе, сатиралық шығармалары көплеп дөрелип, халқымыз арасына кең таралған. Сатираның күш-қудирети соннан ибарат, бундай қосықлар халыққа тез тәсир еткен. Сатира ҳаққында сөзликлерде төмендегише анықламалар берилген: «Сатира – жәмийетлик турмыстағы нуқсанларды, айырым адамлар яки социаллық топарларға тән кемшиликлерди қатты масқаралап, критикалық руўхта жазылған шығарма» [3:273]. «Сатира – 1) комикликтиң тийкарғы түрлеринен бири; 2) сатираның юмордан парқы соннан ибарат, ол өз объектинде айырым нуқсанлар, дүзетсе болатуғын кемшиликлерди емес, бәлки пүткиллей сын ҳәм бийкар етилетуғын мәнисти – жәмийет ҳәм оның раўажланыўы ушын қатаң зыян келтиретуғын жәмийетлик, қәўипли иллетлерди көреди.

Сол себепли сатира дүзетиўди емес, пүткиллей жоқ етиўди мақсетин қояды» [4:273].

XIX әсир ақыры XX әсир басындағы қарақалпақ әдебиятында Сыдықтың «Әбий сағал», Бекжан шайырдың «Қәлликуў», «Үсен шыйық», Әбдикәдир шайырдың «Ийшаным», «Устазым», «Суўпы», «Неғып барар Шам шәҳәрине», «Молла Асқар», Жаңабайдың «Нурымбет мақсымға», «Зергер» сыяқлы бир қатар қосықларында өзи жасаған дәўирдеги айырым адамлардың унамсыз қәсийетлерин, ис-ҳәрекетлерин өткир сынға алады. Халық шайырларының шығармалары ҳаққында белгили илимпазлар Ә.Пахратдинов [1], А.Пирназаровлар [2] өзлериниң мийнетлеринде бир қанша сөз еткен.

Бекжанның «Қәлли қуў» қосығында Қәлли деген адамның басқаларды сыртынан сайып, өсек айтатуғын унамсыз әдетлери сынға алынған. Мысалы:

Қәлли сениң бир оңбаған әдетиң,
Адамларға жаман пикир нийетиң,
Қарымбайды жаманлыққа үйреттиң,
Дүньядан зиңкийип өтерсең иним [5:68].

Қәллиниң ҳәмелдарларға жалпылдап, адамларды жаманлап, өтирик, өсек айтатуғын қолайсыз минезқулқы төмендеги қатарларда көринеди:

Қарымбайға Әўезханды жаманлап,
Қол қаўсырып, барып, бирдей ағалап,
Ким көрингенниң есигинен сығалап,
Жаманлық ойлайсаң зиңкийип иним [6:68].

Шайыр бул арқалы жәмийетимиздеги айырым адамлардың минезиндеги унамсыз ҳәрекетлерди сынға алған. Адам жаманлағанлар түбинде халықтан бөлинип қалатуғынлығын айтады. Инсан баласы ҳеш қашан биреўге жаманлық ойламаўы керек. Жаманлық ойлаған адам түбинде бир күни өзиниң соған гирипдар болатуғын айта келип, «Басына түссе баспақшы болатуғынын» еслетип өтеди. Шайыр бул шығармасы арқалы халықты жаман иллетлерден аўлақ болыўға шақырады.

Сыдық шайырдың «Әбий сағал» қосығында да адамлар минезиндеги адамгершиликке жат иллетлер әшкараланған. Алпыс үш жасар ғарры Әбийдиң қоңсысының жүўери атызына урлыққа түсип атырғанында, сол үйдиң баласы Самамбет көрип қояды. Нәтийжеде, жасына жараспайтуғын қылықты қылған Әбийдиң урлығы әшкара болып, күлкиге қалады. Картайғанда ислеген бул исиниң ақыбетинде бийабырай болып қалыўы төмендеги қатарларда айқын сәўлеленген:

Жетеклейди Самамбетиң,
Дурыс емести нийетиң,
Халыққа қарар не бетиң,
Бийабырай болдың сағал [5:38].

Урлық ислеў, қыянет етиў – булар, әлбетте, үлкен гүнә есапланады. Халқымыз арасында, «Урлық – түби хорлық» деп бийкарға айтылмаған. Урлық ислерди ислегенлер түбинде әшкара болады ҳәм абырайы айрандай төгиледи. Шайыр қосықта усындай унамсыз қәсийетли адамды әшкаралаў арқалы жәмийеттеги айырым адамларды урлық ислерден аўлақ болыўға шақырады. Ҳәр бир инсан жәмийетте өзиниң ҳадал мийнети менен, маңлай тери менен тапқан табысы арқалы күн кеширсе ғана рәҳәтин көрип, пәраўан турмыста жасайды. Сонда ғана инсан бахытлы турмысқа ериседи. Бундай урлық ўақыясы Жаңабай шайырдың «Нурымбет мақсымға» қосығында да сөз етилген. Қосықта мақсым ийшанның бир кемпирдиң пиязын урлағаны, бул үлкен айып ис екенлиги тилге алынған. Кисиниң нәрсесин урлап алып пайдаланғаны надурыс екенлигин түсиндиреди.

Жаңабайдың «Зергер» атлы қосығында тамғалы урыўынан Жумамурат деген адамның зергерлик кәсибине қылаплық қылып атырғаны, аманатты алып қайтармай, көпшилик адамлардан қарыздар болып қалғаны сынға алынған. Мысалы:

Шешең сени мыррық күни туўыпты,
Әкең сени бийзар болып қуўыпты,
Көрген адам ҳақым бар деп буўыпты,
Мудамы өтирик сөйлейсең, заңғар [5:38].

Қосықта Жумамураттың қарызы көплигинен ҳәттеки, әке-шешеси де бийзар болғанлығы жоқарыдағы қатарлардан көринип тур. Бул қосық ҳаққында илимпаз Ә.Пахратдинов, «Тойда гүресте жеңип алған байрақларын Жаңабай елге тарқатып кетеди екен. Оны өзи алмағанын әнтек билген Жумамурат Жаңабайды жаманлап жүреди екен. Екеўи бир тойға келгенлигин билген адамлар екеўин айттырмақшы болыпты. Жаңабай төкпе шайыр болғанлығы себепли Жумамурат айтысыўға қорқады» деген мағлыўматты келтирип өтеди [1:237]. «Зергер» қосығының халық арасында екинши варианты да тарқалған болып, бунда да Жумамураттың өз кәсибине қылаплық ислеп, адамларды алдап жүргенлиги төмендегише берилген:

Гүмис деп соғасаң, темир, қалайы,
Күниге жүз адам ҳақын сорайды,
Өмириңше еткен исиң солайды,
Мудамы өтирикти сөйлейсең, заңғар [1:238].

Әбдиқәдир шайыр «Ийшаным», «Устазым», «Суўпы», «Неғып барар Шам шәҳәрине», «Молла Асқар» атлы қосықларында сол дәўирдеги дин ийелерин сынға алған. Мысалы:

Сизден үйренбей-ақ ҳеш те бир ҳәрип,
Халық алдында устаз деймен мен ғәрип,
Шыррыясаң адам демей, сен шәррик,
Уламаның кәрин етпей устазым [7:52].

«Устазым» қосығынан алынған бул қатарларда шайыр Мәнжийли аўылынан Мақтум ахун деген адамның илимли-билимли болыўына қарамастан, халықтың балаларына өз илимин үйретпесе де, шыррыйып, өтирик сөйлеп, өзиниң уламалығына жараспайтуғын ҳәрекетлери, тәкаббирлиги ҳәм менменлиги сынға алынған. Ҳәттеки, өзиниң шәкиртлерин бәрха меншик жерин ислетиўге жумсап жүргенлиги атап өтилген. Мысалы:

Қалаларда ахун болған улама,
Билимли адам шыррыйыўға бола ма… [7:52].

-деп, илимли адамға жараспайтуғын қылықларды ислегени надурыс екенлигин, халық оны билимли болғаны ушын ҳүрмет ететуғынлығын уқтырып өтеди.

Әбдиқәдирдиң «Суўпы», «Молла Асқар» қосықларында өтирикши, жалатай ҳәм жеңил тәбиятлы адамлар сынға алынған. Мысалы:

Аяғында геўиш, мәси,
Өтирик сөйлеп болма ҳәси…
Келинди көрсең жутынып,
Арқалы кисидей қутырып [7:54].

Жуўмақлап айтқанда, XIX әсир ақыры XX әсир басындағы қарақалпақ әдебияты ўәкиллери есапланған халық шайырлары дөретиўшилигинде сатира жақсы раўажланған. Шайырлар өз шығармаларында көбирек өзи жасаған замандағы дин ийелерин ҳәм де айырым инсапсыз, екижүзли, жалатай, сықмар, өтирикши, менмен адамлардың унамсыз минез-қулықларын сынға алыў арқалы бундай иллетлерден жырақ болыўға шақырады. Халық шайырларының сатиралық қосықларының тили жеңил, көркемлиги жағынан баҳалы шығармалардан есапланып, әдебияттаныў илиминде еле де тереңирек изертлеўди талап етип турған мәселелерден саналады.

**Әдебиятлар**

1. Пахратдинов Ә. XIX әсирдиң ақыры XX әсир басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы. – Нөкис: «Билим», 1996.
2 Пирназаров А. Күнхожа, Әжинияз, Сыдық шығармаларында қолланылған дөретиўшилик усыллар. – Нөкис: «Билим», 2000.

3. Ҳотамов Н., Саримсақов Б. Адабиётшунослик терминларининг русша-ўзбекча изоҳли луғати. – Тошкент: «Ўқитувчи», 1979.
4. Қуронов Д., Мамажанов С., Шералиева М. Адабиётшунослик луғати. – Тошкент: «Akademnashr», 2013.
5. Пахратдинов Ә., Өтемуратова Ҳ. XIX әсирдиң ақыры XX әсир басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы. (хрестоматия) – Нөкис: «Билим», 1995.
6. Халық шайырлары. Қосықлар. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1997.
7. Абдиқәдир Бекимбет улы. Таңламалы қосықлары. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1966.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада халқ шоирлари ижодидаги сатира таҳлил қилинган. Бекжон, Сидиқ, Абдиқодир, Жанабой каби халқ шоирлари ижодидаги сатирик асарларнинг ғоявий мазмуни, бадиийлиги атлофича ўрганилган. Асарлардаги айрим инсонларнинг ҳулқ-атворидаги нуқсонлар, ёлғон гапириш, уғрилик, касбини суистеъмол қилиш каби салбий иллатларининг танқид қилиниши мисоллар ёрдамида очиб берилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируется сатира в творчестве народных поэтов. Подробно изучены идейное содержание и художественность сатирических произведений таких народных поэтов, как Бекджон, Сидик, Абдикодир, Жанабай. С помощью примеров раскрывается критика отрицательных пороков некоторых людей в произведениях, таких как недостатки характера, ложь, воровство, злоупотребление профессией.

**SUMMARY.** The article analyzes satire in the works of folk poets. The ideological content and srtistry of satirical works by folk poets such as Bekjon, Sidiq, Abdiqodir, Janaboy have been thoroughly studied. Criticism of the negative vices of come people in the works, such as lying, stealing, abuse of their profession, is revealed with the help of examples.

# ЖИЙЕНБАЙ ИЗБАСҚАНОВ ЛИРИКАСЫНДА ГҮЗГИ ПЕЙЗАЖДЫҢ СҮЎРЕТЛЕНИЎ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

**А.Досымбетова –** *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** пейзаж тасвири, пейзаж лирикаси, куз пейзажи, пейзаж образлари, табиат ҳодисалари.
**Ключевые слова:** пейзажное изображение, пейзажная лирика, осенний пейзаж, пейзажные образы, природные виды.
**Key words:** landscape drawing, landscape lyric(s), autumn landscape, landscape images, natural views.

Қарақалпақ поэзиясында өзиниң дөретиўшилик жолына, жекке стилине ийе шайыр Ж.Избасқанов, әсиресе, пейзаж лирикасының шебери, «тәбият жыршысы» сыпатында белгили. Шайырдың түрлише эстетикалық мақсетлери пейзаждың көркем шығармадағы өзине тән өзиншеликлерин жүзеге шығарғанлығын көремиз. Оның қосықлары терең лиризмге, сығасқан ой толғаныcларына, образлы сүўретлеўлерге қурылған болып, каракалпақ поэзиясын идея-тематикалық, жанрлық ҳәм формалық жақтан еле де байытты. Биз бул мақалада шайырдың пейзаж лирикасының өзгешеликлерин оның қосықларындағы гүзги пейзажды сүўретлеўлери мысалында үйрениўди мақсет етип қойдық.

Ж.Избасқанов поэзиясы бойынша илимпазлар тәрепинен бир қатар илимий мақалалар жәрияланып, оларда шайыр поэзиясының анаў яки мынаў өзиншеликлери теориялық көзқарастан үйрениледи [1]. Деген менен, шайырдың пейзаж лирикасының арнаўлы үйренилмегенлиги бизиң темамыздың актуаллығын сыпатлайды.

Ж.Избасқановтың пейзаж лирикасында мәўсимлик тәбият көринислерин сүўретлеўге айрықша итибар қаратылады. Шайыр қыс, бәҳәр, жаз, гүз мәўсимлерине байланыслы тәбият көринислерин, мәўсимлерге байланыслы тәбияттың қубылыўларын сүўретлей отырып, лирикалық қаҳарманның түрли руўхый кеширмелер ҳалатын сәўлелендиреди. Бунда жыл пасылларына тән тәбият қубылыслары арқалы лирикалық қаҳарманның кеўил кейпияты, руўхый кеширмелери, характерли белгилери ашылады. Қыс мәўсиминдеги аппақ қар арқалы лирикалық қаҳарманның руўхый дүньясының пәклигин, гиршиксиз таза сезимлерин, сыйдамланып қалған таллар арқалы өмир ҳаққындағы көзқарасларын береди. Ал, бәҳәр мәўсимине байланыслы көбинесе, жаўын жаўыў қубылысы, әсиресе, мөлдир тамшылар арқалы тәбияттың, пүтин әтирафтың, инсан руўхый дүньясының жаңаланыўы ҳаққындағы ой- толғаныслар бериледи. Шайыр жаз тәбияты арқалы Ағжап жағалығында ойнап өскен балалығын сағыныў, туўылған жерин сүйиўшилик сезимлерин сәўлелендиреди. Булардың бәринде де өмирге куштар, гөззаллыққа қумар, тәбият қубылыслары менен сырласа алатуғын сезимтал лирикалық қаҳарманлар жаратылған.

Шайыр лирикасында жыл пасылларының ишинде гүз мәўсими сүўретленетуғын қосықлары көбирек ушырасып, олардың ҳәр биринде пейзажлық сүўретлеўлер айрықшалыққа ийе.

Поэзияда гүз пасылы, көбинесе, өмирдиң кеш мәўритлерин, яғный инсан өмириниң соңғы пайытларын, сондай-ақ, сағынышты, айралықты бериўде сүўретленетуғыны белгили. Ал, Ж.Избасқанов лирикасында гүзги тәбият көринислериниң көркем эстетикалық хызмети өзиншеликке ийе. Шайыр гүз мәўсимине үмитлер пасылы, тынық сезимлер пасылы сыпатында жаңаша поэтикалық ўазыйпалар жүклейди. Дәстүрий мазмунына байланыслы, көбинесе, лирикалық қаҳарманның муңлы, қайғылы, дәртли кеўил кейпиятын бериў ушын қолланылатуғын гүзги пейзаж Ж.Избасқанов дөретиўшилигинде жаңаша мазмунға, семантикалық көптүрлиликке ийе болды. Шайыр дәстүрий сүўретлеўдиң жаңа тәреплерин жүзеге келтиреди, гүз арқалы лирикалық қаҳарманның руўхый ҳалатын айдынластыра отырып, жаңаша көркем сүўретлеўлерди жүзеге келтиреди.

Шайырдың «Сентябрим – сағынышлы айым» қосықлар дүркинине киритилген барлық қосықларында, сондай-ақ, «Гүз», «Әтирапта гүз», «Гүзде шырт үзилген», «Гүз рапсодиясы», «Гүзги ақшам», «Жапырақлар», «Гүз мақтаўы», «Алтын гүз» ҳәм басқа қосықларында гүзги тәбият көринислеринен лирикалық қаҳарманның руўхый кеширмелерин бериў усылы сыпатында пайдаланған.

«Сентябрим – сағынышлы айым» қосықлар дүркининде гүз мәўсимине, айрықша, сентябрь айына жанлы образ сыпатында қатнас жасалады.

Сентябрим – сағынышлы айым,
Көптен күткен ашығым яңлы,
Шире толы сениң шырайың,
Тебирендирип кетер қыялды.

Ырасында лебиң мен ушын,
Шыпабағыш бальзамнан зыят!
Қандай сулыў кейпиң, келисиң,
Қандай сырлы мына тәбият! [2:65]

Шайыр қосықта гүз паслының өзине тән тәбийий көринислерин образлы сәўлелендиреди. Лирикалық қаҳарман гүзди, әсиресе, этирапқа сарғыш рең жаңа енисип, тәбият өзгеше түске дөнип киятырған мәҳәл – сентябрь айын унатады, сағынып күтеди. Шайыр гүз паслының басқалар ескере бермейтуғын тынықлығын, ширелилигин, жанға жағымлылығын, сулыў кейпин,